

RÈGLEMEN POU ANBAKMAN AK DEBAKMAN ALTÈNATIF FEYÈ ENFÒMASYON

2007-2008

Depatman Lekòl Boston yo pral kontinye ofri sèvis altènatif anbake e debake pandan lane lekòl 2007-2008 lan. Pwogram anbakman ak debakman altènatif la pèmèt paran yo mande yon arè otobis altènatif ki pèmèt yon elèv monte abò oubyen desann kite otobis la devan ou touprè yon yon sant dekè (day care) anvan ou aprè pwogram klas yo. Elèv ki anwole nan pwogram matènèl rive nan klas 8 elijib pou sèvis sa a si yo gen otobis lekòl k ap sèvi lekòl kote yo ale a. Nou akòde sèvis sa a tou pou lekòl prive yo, lekòl pawasyal relijyez yo, epi lòt lekòl ki pa piblik yo, si se menm otobis Lekòl Piblik Boston yo k ap sèvi elèv say o. Elèv ki pa elijib pou transpò ale retou kapab mmande tou pou sèvis sa a.

Nou priye ou sonje ke yon demand pou transpò altènatif pa garanti ou okenn sèvis. Sèvis sa a depan de kondisyon piba yo:

- Arè sa ou mande a dwe localize li sou yon wout otobis ki deja ekziste pou ele retou ant lekòl la e arè sa a, e demand ou an pa dwe ajoute sou tan otobis la pran ou lakòz ke otobis la antre pita nan garaj li nan fen jounen an.
- Otobis la dwe gen ase plas pou li sèvi timoun ou an pandan tan li bezwen transpò sa a.
- Nou ofri sèvis altènatif nan arè otobis ki nan yon kwen. Nou akòde sèvis pòt-a-pòt sèlman pou elèv andikape si demand sèvis sa a nan ekzijans medical yo (IEP).
- Depatman Transpò a pakapab garanti ke pitit ou an pral resevwa sèvis la, oubyen arè altènatif espesyal ke out a renmen jwenn lan. Depatman kapab gen posiblite pou li ofri ou sèlman yo arè otobis ki pa prè “day care” a, jan ou ta renmen jwenn li an.
- Ou pa dwe aplike pou transpò altènatif si ou vle chanje arè otobis si ou bote ale rete yon lòt kote, oubyen si ou bezwen yon arè ki pi prè ou. Depatman Transpò nan adrès “26 Court Street” la pa responsab pou okipe enfòmasyon sou kozman “chanjman adrès”. Ou dwe ale nan yon Sant Resous Fanmiy pou rapòte chanjman adrès ou a. Lè ou soumèt deklarasyon “chanjman adrès” ou an bay yon Sant Resous Fanmi, Depatman Transpò a va donk bay pitit ou an sèvis transpò ki apwopriye pou li selon kondisyon lekòl lasou sa.
- Si yon elèv pa rete nan zòn plasman lekòl li a ankò, men ke li deside konsève menm lekòl la, elèv sa a PA elijib pou transpò altènatif.

Li enpòtan pou paran yo pa bliye ke:

- Yo responsab pou yo mennen timoun lan nan estasyon altènatif la, si otobis la dwe pran timoun sa a anvan klas, epi pou yo pran timoun lan nan estasyon altènatif la si otobis la dwe depoze timoun lan nan estasyon sa a aprè klas.

- Kapab gen sitiyasyon kote anpil timoun ki itilize pwogram transpò altènatif la twouve yo nan yon milye ke yo pa konnen. Konsa, Depatman Lekòl la ankouraje paran yo pou yo asire yo ke yon grandèt mennen timoun lan ale monte otobis la, epi pou yon grandèt la tou pou resevwa timoun lan lè li desann otobis la. Paran yo dwe asire yo alò ke timoun lan konnen kijan pou li ale nan estasyon an oubyen kijan pou li retounen lakay li lè pa gen grandèt ki pou mennen li ale oubyen ale chèche li.
- Transpò altènatif la baze sou senk jou pa semèn. N ap ofri sèvis sa a sou yon baz kat jou pa semen pou elèv nan premyè ane jaden danfan yo ki travay kat jou pa semèn.
- N ap ofri sèvis transpò altènatif lè lekòl yo travay demi jounen (early dismissal). Jou sa yo, paran yo dwe asire yo ke timoun yo rive jwenn responsab “day care” yo oubyen lòt pwogram yo.
- Elèv k ap mache a pye yo, ki pa jwenn sèvis transpò pou yo ale lekòl e sòti lekòl sou yon baz regilye, yomenm tou, yo elijib pou pwogram transpò altènatif la, menmjan ak elèv ki jwenn transpò regilye yo, depi gen plas nan otobis k ap monte desann nan wout yo. Otobis la ka pran timoun say o ou depoze yo si “day care” sou wout kote y ap mache a.
- Se Depatman Transpò a k ap plase elèv pou sèvis k ap kòmanse avèk louvèti lekòl la. Pou demand ki fèt aprè lekòl kòmanse, se dabò direktè lekòl kote timoun lan ye a ki pral kòmanse travay sou sa, ansuit, Depatman Transpò a va konplete travay la, sou baz menm règleman sa yo ke nou eksplike piwo a. N ap pran desizyon yo sou BAZ PREMYE ARRIVE, PREMYE SÈVI, selon lis datant ke direktè lekòl la etabli.
- Si yon paran chanje adrès, li responsabl pou li ranpli yon lòt fòmilè aplikasyon.
- Nan ka kote paran yo, pèsonèl lekòl la yo, oubyen anplwaye sant “day care” yo, mande Depatman Transpò a, oubyen Polis Lekòl la pou asistans, yo la disponib nan nimewo telefòn piba yo:
 - Polis (Safety/School Police) 617-635-8000
 - Transpò (Transportation Department) 617-635-9520

**LEKÒL PIBLIK BOSTON – DEPATMAN TRANSPÒTASYON
APLIKASYON ALTÈNATIF POU TRANSPÒ / DEHAJ RESPONSABLITE**

NON LEKÒL LA _____	# KÒD LEKÒL LA _____
NON ELÈV LA _____	# ID. ELÈV LA _____
ADRÈS LAKAY _____	DAT NESANS ____/____/____
TELEFÒN LAKAY () _____ PÒTAB () _____	EMÈJANNSI () _____
# OTOBIS KOULYE A (AM) _____ (PM) _____ STÒP OTOBIS KOULYE A _____	
NON PARAN AN _____	

Tanpri, tchyeke sèvis altènatif lan (ou sèvis altènatif yo).

PRAN TIMOUN LAN NAN LOKALIZASYON ALTÈNATIF PANDAN LI PRALE LEKÒL LA

DEPOZE TIMOUN LAN NAN LOKALIZASYON ALTÈNATIF LAN LÈ L AP SÒTI LEKÒL LA

TANPRI PRAN NÒT: Nou pa garanti transpò altènatif lan e sa depan tou de si gen plas ak selon pwoblèm wout lan.

NON KOTE TIMOUN LAN PRALE AN (DAY CARE FACILITY), OUBYEN MOUN RESPONSAB LAN (DAY CARE PROVIDER) _____

ADRES KOTE TIMOUN LAN PRALE OUBYEN MOUN RESPONSAB LAN YE (FACILITY OR PROVIDER) _____
(Adrès sa a dwe diferan de adrès lakay lan) (# Kay) (Non Lari an) (Seksyon Lavil la)

NON MOUN RESPONSAB LAN (NAME OF CARE PROVIDER) _____ NIMEWO TELEFÒN (____) _____

SI GEN YON MOUN K AP PRAN TIMOUN LAN NAN STOP LAN, KI NON MOUN SA A _____

KILÈS STÒP NAN KI KWEN OU PWOPOZE _____
(Depatman Transpòtasyon an gen dwa ofri yon stòp diferan pou li kapab satisfè demand ou an.)

TANPRI, PRAN NÒT: SI NOU APWOUVE YON SÈVIS ALTÈNATIF POU NOU PRAN OUBYEN DEPOZE YON TIMOUN, SE SÈLMAN NAN STÒP SA A NOU DWE JWENN TIMOUN LAN. SI NOU DWE FÈ LÒT ARANJMAN ESPEYAL TANKOU LÈ LEKÒL LAGE BONÈ, OUBYEN LÈ MOUN RESPONSAB LAN PA KA AKSEPTE TIMOUN LAN, **LÈ SA A, SE PARAN LIMENM K AP RESPONSAB POU LI FÈ ARANJMAN ESPEYAL POU TRANSPÒTASYON AN.**

DEHAJ RESPONSABLITE (Ou dwe li epi siyen pati sa a)

Lè paran an oubyen gadyen an fè demand pou transpò altènatif lan epi otorize nou bay sèvis sa a, li anmenm tan aksepte tout responsablite pou sekirite timoun lan anvan li monte nan otobis lekòl lan, ak aprè li desann kite otobis lan. Kesewa "Boston School Committee", oubyen anplwaye "Boston School Committee" yo, pèsòn pa pral asire yo ke yon grandèt vini chèche elèv lan, oubyen elèv lan konnen kisa oubyen ki wout pou li suiv pou li rive kote li dwe ale an, apati de stòp otobis lan. Paran oubyen gadyen an dakò pou li pa entante okenn pwosè kont "City of Boston" lan, oubyen kont "School Committee", oubyen kont anplwaye ou ajan yo si yon elèv resevwa nenpòt blezi, oubyen mouri, akoz lè otobis pran timoun lan oubyen depoze li nan transpò altènatif lan. Paran an dakò tou ke elèv lan pa pral fè pwosè kont "City of Boston" lan, oubyen kont "School Committee", ou kont anplwaye oubyen ajan yo, si yon pwoblèm rive li, si li blese, akoz l ap monte oubyen desann otobis lekòl lan nan transpò altènatif lan. Paran oubyen gadyen an, pwomèt tou pou yo remèt "City of Boston" lan, oubyen "Boston School Committee" an tout kòb "City of Boston" lan, oubyen "School Committee" an dwe depanse pou yon elèv akoz blezi oubyen lanmò elèv sa a ki rezilte de sèvis pran e depoze n ap ofri nan pwogram transpò altènatif lan. Paran oubyen gadyen yo pa abandone dwa yo genyen pou yo entante pwosè kont nenpòt lòt moun ki pa ni "City of Boston" lan, ni "School Committee" an, ni ofisye yo, ajan yo, anplwaye yo, konpayi otobis yo, pou nenpòt reklamasyon yo ka genyen.

Siyati Paran/Gadyen _____ **Dat**

**SE DEPATMAN TRANSPÒTASYON AN SÈLMAN KI DWE ITILIZE SEKSYON SA A
TRANSPORTATION DEPARTMENT USE ONLY**

DATE RECEIVED: _____ DATE PROCESSED: _____ Effective Date: _____

APPROVED [] NOT APPROVED [] Reason _____ T.O _____